

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

UAKC mangrupa salasahiji upacara adat anu aya di Kabupatén Kuningan. UAKC dilaksanakeun di Balong Dalem Tirta Yatra Désa Babakan Mulya Kacamatan Jalaksana Kabupatén Kuningan. UAKC mangrupa kagiatan ngawinkeun cai ti dua cinyusu, nya éta: (1) cinyusu Sumur Tujuh Cibulan (Cikembulan) salaku pangantén awéwéna; jeung (2) cinyusu anu aya di Balong Dalem Tirta Yatra salaku pangantén lalakina anu miboga harepan sangkan Allah SWT geura nurunkeun berkahna anu mangrupa hujan jeung mulangkeun deui suburna taneuh nu garing lantaran usum katiga. Ieu upacara dilaksanakeun waktu usum katiga antara bulan September jeung Oktober, sarta dilaksanakeun di cinyusu Balong Dalem Tirta Yatra poé Kemis malem Jumaah Kliwon.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kualitatif pamarekan étnografi dina nyangking data di lapangan, sarta ngagunakeun métode déskriptif analitik pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis: 1) asal-muasal UAKC; 2) prak-prakan UAKC; 3) fungsi dilaksanakeunana UAKC; 4) unsur-unsur sémiotik anu nyangkaruk dina UAKC; jeung 5) implikasi hasil panalungtikan UAKC pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA.

Dilaksanakeunana UAKC dikasangkutanan ku carita anu sumebar jeung dipercaya ku masarakat, nya éta carita prosési kawin antara Bagawan Resi (nitis jadi kebo bulé) jeung Pwah Aksari Jabung (nitis jadi mencek bikang). Dina waktu kawin, kebo bulé ngudag-ngudag mencek bikang, tuluy mencek bikang luncat kana luhureun batu kawin anu nepi ka ayeuna aya kénéh tapakna. Posisi batu kawin aya di deukeut cinyusu Tirta Yatra, sarta di daérah sabudeureun batu kawin jadi tempat dilaksanakeunna acara sukuran sabada lumangsungna UAKC.

Prak-prakan dina UAKC dibagi jadi tilu, nya éta prak-prakan saméméh lumangsung, kagiatan inti jeung sabada lumangsungna UAKC. Dina saméméh kagiatan lumangsung aya riungan nangtukeun tanggal, prosési meuncit domba, jeung tatahar saméméh prungna UAKC dilaksanakeun. Dina kagiatan inti

Fatimah Nur Fauziyyah, 2015

ULIKAN STRUKTUR JEUNG SÉMIOTIK DINA UPACARA ADAT KAWIN CAI DI BALONG DALEM DÉSABABAKAN MULYA KACAMATAN JALAKSANA KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(UAKC) dimimitian ku miangna rombongan ti Balong Dalem anu rék ménta cai ka Sumur Tujuh Cibulan pikeun dikawinkeun jeung cinyusu Tirta Yatra di Balong Dalem. Rombongan jeung pajabat teras diarak dina délma anu geus disadiakeun. Jalan ka Sumur Tujuh Cibulan ngaliwat ka Jl. Raya Sadamantra – Jl. Raya Manis Kidul – Cibulan. Sabada meunangkeun cai ti Sumur Tujuh Cibulan, rombongan jeung Kuwu Cibulan mulang ka Balong Dalem, jalur jalanna nya éta ka Jl. Raya Manis Kidul – Jl. Raya Jalaksana – Jl. Babakan Mulya. Ieu jalur miang jeung mulang dibédakeun, teu ngaliwatan jalur nu sarua.

Prosési ngawinkeun cai ku Bapa Hawal Widodo salaku Kepala Seksi Pengelolaan Taman Nasional wilayah 1 Kuningan. Sabada cai dikawinkeun, dituluykeun ku acara ngamandian Kasi Ékbbang ti unggal désa. Anu mimiti ngamandian nya éta Ibu Bupati Kuningan, dituluykeun ku Bapa Kasi Pengelolaan Taman Nasional, tuluy ku Camat Jalaksana, diréktur PDAU, wawakil ti TNI, wawakil ti POLRI, tuluy ku Kuwu Balong Dalem sarta anu pamungkas ku Kuwu Cibulan. Ieu acara ngamandian Kasi Ékbbang atawa Raksa Bumi miboga tujuan pikeun miceun geugeuleuh eumeuh anu aya dina awak Raksa Bumi sangkan naon-naon anu dipikahayang jeung anu dipiharep bisa lumangsung lungsur-langsar.

Sabada réngsé kagiatan UAKC aya acara sukuran. Dina ieu acara sukuran aya sérén sumérén 5000 bibit lauk ti pamaréntah kabupatén ka PDAU jeung pengelola Balong Dalem. Saréngséna pamapag, acara dituluykeun ku murak congcot jeung babagi berekat ka masarakat nu datang ka éta tempat. Ibu-ibu anu kabagian masak jeung nyadiakeun kadaharan pikeun sukuran ieu ngahaja geus nyadiakeun berekat pikeun dibagikeun. Ieu hal dilakonan sangkan leuwih gampang waktu ngabagikeunana sarta masarakat nu datang teu sisirikan parebut hayang paloba-loba sabab kabéhna sarua geus dibagi rata.

Unsur-unsur sémiotik anu nyangkaruk dina UAKC dianalisis dumasar kana téori sémiotik Pierce anu ngabagi tanda dumasar objekna jadi tilu, nya éta ikon, indéks, jeung simbol. Tina hasil analisis katitén aya 26 tanda dina UAKC. Diwangun ku lima ikon anu nyangkaruk dina UAKC, nya éta Balong Dalem, kendi, kuwu, siwur, jeung totolok. Aya 16 indéks anu nyangkaruk dina UAKC,

Fatimah Nur Fauziyyah, 2015

*ULIKAN STRUKTUR JEUNG SÉMIOTIK DINA UPACARA ADAT KAWIN CAI DI BALONG DALEM
DÉSABABAKAN MULYA KACAMATAN JALAKSANA KABUPATÉN KUNINGAN PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XI*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nya éta adan, berekat, congcot, dahar babarengan, haseup, komat, malem jumaah kliwon, meuncit domba, ngaliwat ka jalan anu béda waktu miang jeung mulang ti Cibulan, nyeungeut menyan, pakéan adat, sahadat, sajén, solawat nabi, tari buyung, jeung UAKC. Anu kaasup simbol aya lima, nya éta batu kawin, cai, kembang tujuh rupa, keris, jeung ngamandian Ékbang/Raksa Bumi.

Hasil panalungtikan ngeunaan UAKC bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA. Pikeun kahareupna kawilang hasil atawa henteu ieu bahan pangajaran maca bahasan, gumantung kana téhnik jeung métode anu digunakeun ku guru. Salian ti éta, guru kudu nyaluyukeun bahan pangajaran jeung kamampuh sarta kaayaan peserta didik sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran anu dipimaksud.

5.2 Saran

Sabada rengsé nalungtik UAKC, karasa pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Salian ti bisa nyaho kana asal-muasal UAKC, nu nyusun ogé bisa nyaho prak-prakan UAKC, fungsi dilaksanakeunana UAKC sarta unsur-unsur sémiotik jeung hartina anu nyangkaruk dina UAKC.

Hasil panalungtikan sangkan leuwih mangpaat jeung karasa ku balaré, nu nyusun méré saran ka nu nalungtik saterusna, Lembaga Pendidikan, masarakat umum, Disparbud.

1) Nu nalungtik Saterusna

Ieu panalungtikan masih kénéh aya kakurangan, pikeun nu nalungtik saterusna kudu bisa ngaguar leuwih jero deui ngeunaan UAKC sangkan ajén-ajén anu nyampak dina ieu upacara ada bisa kaguar sacara maksimal.

2) Lembaga Pendidikan

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran, hususna dina pangajaran maca bahasan budaya di SMA kelas XI, sabab hasil panalungtikan ngandung ajén budaya jeung analisis unsur-unsur sémiotik dina upacara adat anu bisa ditepikeun ka peserta didik sangkan maranéhna salaku nonoman Sunda wanoh kana kabudayaan Sunda salasahijina nya éta UAKC di Balong Dalem

Kuningan anu antukna bakal numuwuhkeun rasa kareueus jeung tarékah pikeun ngamumulé kabudayaan Sunda, salasihijina nya éta UAKC téa.

3) Masarakat umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh leuwih jembar ngeunaan UAKC salaku kabudayaan Sunda, anu antukna masarakat bakal leuwih mikaresep sarta ngamumulé kana ieu kabudayaan Sunda hususna UAKC.

4) Disparbud

Disparbud salaku instansi pamaréntahan dina widang pendidikan jeung kabudayaan, kudu leuwih merhatikeun jeung ngarojong kana ieu upacara adat sangkan henteu tumpur, sabab UAKC mangrupa kabudayaan has masarakat Sunda hususna di Kabupatén Kuningan. Tina ieu upacara adat bisa jadi sumber penghasilan pikeun masarakat jeung daérah sabudeureun.